

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Téhnik nyarita semi terpinpin salah sahiji téhnik pangajaran basa anu penting dina kaparigelan nyarita anu bisa dipaké ku guru pikeun nepikeun pangajaran basa Sunda. sabab téhnik nyarita semi terpinpin ieu leuwih museur ka siswa tibatan ka guru sabab siswa dituntut miboga peran anu aktif. Téhnik nyarita semi terpinpin ieu béda jeung téhnik nyarita biasa atawa konvensional anu dipaké ku guru di kelas conto na jiga téhnik ceramah anu leuwih berperan nya éta guru lain siswa.

Aya sababaraha métode jeung téhnik pangajaran anu bisa digunakeun guru, tapi teu kabéh sarua efektifna dina meunangkeun tujuan pangajaran (Trisnowati, 2015).

Dina téhnik nyarita semi terpinpin ieu guru ngabimbing siswa pikeun ngaregeupkeun bahan pangajaran contona waé ngaregeupkeun caritaan saeunggeus ngaregeupkeun siswa nyaritakeun deui naon anu bieu dicaritakeun ku guruna maké basa sorangan.

Pikeun guru, merlukeun téhnik pangajaran nyarita sacara merenah jeung kudu ngawasaan téhnik pangajaran kaparigelan nyarita ngarah siswa bisa leuwih interaktif jeung apresiatif. Dina pangajaran nyarita aya tilu métode anu bisa dipaké diantarana nyaéta: terpinpin, sémi terpinpin, jeung bebas (Haerudin jeung Suherman, 2013, kc. 103).

Cara dina nyarita ngagunakeun métode semi terpinpin, diantarana: (a) réproduksi informasi tina sumber wacana nu dilisankeun, (b) carita dumasar gambar, (c) nyaritakeun deui informasi ku cara tatalépa, (d) ngalaporkeun deui eusi bacaan, (e) ngalaporkeun eusi pidato. Tehnik nyarita sémi terpinpin ieu bisa dipaké ku guru pikeun nepikeun pangajaran basa komo deui dina mikanyaho kabeungharan kecap siswana.

Kabeungharan kecap miboga peran anu penting pikeun kahirupan sapopoé urang sunda utamana dina komunikasi. Nambahan kecap dina kahirupan sapopoé dianggap penting boh tina proses diajar hiji basa boh kamekaran kamampuh hiji basa anu geus dikawasa. Eta kabeungharan kecap atawa nambahan kecap anu saacanna can di pikawanoh bisa timana waé hususna ti sakola, siswa mindeng diajarkeun kabeungharan kecap anu salah sahiji bagian tina mata pelajaran. Ku kituna penting pisan kabeungharan kecap di tepikeun ka siswa, kaasup siswa anu miboga kamampuh di handap rata-rata.

Komunikasi anu efektif moal efektif saupama mibanda kandaga kecap anu saeutik. Kabeungharan kecap anu saeutik bisa jadi bangbaluh dina pangajaran basa. Kamampuh hiji jalma bisa disebut sampurna nalika geus ngabogaan kabeungharan kecap. Sakumaha anu ditétélakeun ku Tarigan (2015, Kc.2) yén kualitas kamamuh makéna basa gumantung kuantitas jeung kualitas kabeungharan kecap anu dipiboga. Beuki loba kabeungharan kecap anu dipiboga, beuki gede ogé kamampuh maké basana. Kukituna kamampuh makéna basa bisa dinilai dumasar kabeungharan kecap anu dipibogana.

Kamampuh nyangking basa atawa kecap unggal individu jeung individu séjénna tangtu miboga bébéda, diantaranya aya sababaraha faktor anu mangaruhan kana nyangking éta basa diantaranya (a) kondisi raraga jeung kamampuh motorik, (b) kasehatan umum, (c) *kecerdasan*, (d) kondisi lingkungan, (e) sosial ekonomi. Salah sahiji faktor anu mangaruhan kana nyangking na basa nya eta *kecerdasan* dina hal ieu teu sakabéh siswa sarua atawa kecerdasana normal, aya waé anu kecerdasanna anu di handap rata-rata anu disebut *keterbelakangan mental* atawa leuwih dipikawanoh ku sebutan tunagrahita.

Siswa tunagrahita kawatesanan dina nyangking basa sabab kamampuh intelektualna di handap rata-rata, salian ti éta aya gangguan tina artikulasina , tapi puseur ngolah kecap (perbendaharaan kecap) anu kurang fungsional. Ku kituna siswa tunagrahita ngabutuhkeun kecap-kecap anu konkrét anu mindeng direugeupkeun.

Balukarna siswa tunagrahita leuwih hese dina nyangking basa atawa kamampuh basana, diantaranya morfologis, sintaksis, jeung semantik. Dina hal ieu siswa tunagrahita hese ngagunakeun kecap barang, sinonim, ngagunakeun kecap sifat, jeung dina ngelompokeun hubungan antara objek jeung ruang, waktu, kualitas jeung kuantitas. McLean jeung Synder (Sunardi jeung Sunaryo, 2006 :191). Siswa tunagrahita leuwih loba ngagunakeun kalimah anu tunggal dina kahirupan sapopoéna, sabab aya gangguan dina artikulasi sarta ayana hambatan dina kamekaran nyaritana.

Papasingan tunagrahita dumasar kana taraf intelegensina, diantaranya tunagrahita hampang, sedeng jaeung beurat. Dina panalungtikan ieu leuwih museur ka siswa tunagrahita hampang, tunagrahita hampang masih bisa diajar maca, nulis, jeung ngitung sacara sederhana. Tapi siswa tunagrahita hampang teu miboga kamapuh pikeun nyaluyukeun diri dina lingkungan sosial sacara *independen* (T. Suthjihati Somantri, Psikologi Anak Luar Biasa, 2007, kc. 106).

Dumasar struktur kurikulum katitén aya bahasa jeung sastra Daerah dina muatan komponen mata pelajaran SD/MI/Sederajat, anu hartina pangajaran bsa jeung sastra daerah Sunda di Provinsi Jawa Barat mangrupa standar nasioanal pendidikan (muatan lokal) wajib pikeun sakabeh siswa di Jawa Barat. Ieu hal luyu jeung Peraturan Pemerintah Republik Indonesia Nomor 19 taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, Bab III pasal 7 ayat 3-8, anu nétélakeun yén SD/MI/SDLB, SMP/MTS/SMPLB, SMA/MAN/SMALB, dan SMK/MAK dibére pangajaran muatan lokal anu relevan jeung Rekomendasi unesco taun 1999 ngeunaan pemeligran bahasa- bahasa ibu di dunia, anu ngajadikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda wajib pikeun siswa berkebutuhan husus kaasup tunagrahita.

Hasil data pangajaran anu ditinggali tina rapot, yén nilai rata-rata kelas pangajaran basa Sunda kurang nyugemakeun aya sababaraha faktor anu ngalantarankeun pang na nilai basa Sunda teu sesuai jeung KKM, kamungkinan anu jadi sababna lantaran guru anu kurang kreatif dina nepikeun pangajaran basa Sunda di kelas, salian ti éta anu jadi faktor siswa anu miboga keterbelakangan mental jadi mangararuhan kana nilai pangajaran basa Sunda.

Pangajaran basa Sunda kelas IV di SLB Al-Faza Sumedang ieu jadi pasualan anu penting sabab pikeun ngarojong kahirupan sapopoéna sarta dina raraga miara basa indung. Guru kudu parigel dina nepikeun pangajaran basa sunda, teknik nyarita semi terimpin bisa jadi solusi pikeun guru dina nepikeun pangajaran basa Sunda anu bisa dijadikeun alat bantu ngarah leuwih menarik jeung ngagampangkeun guru dina nepikeun pangajaran basa Sunda.

Dina sababaraha panalungtikan, geus aya anu nalungtik ngeunaan kabeungharan kandaga kecap, diantaranya panalungtikan meunang Eva Nurlatifah (2014) anu judulna *Kamampuh Kandaga Kecap Budak Umur 4-5 Taun TK Aisyiah Bustanul Athfal Ranting Leuwi Daun di Kabupaten Garut* jeung panalungtikan meunang Rizki Amalia (2013) judulna nya éta *Média Game Puzzle Dina Ngaronjatkeun Mikawanoh Kabeungharan Kecap Basa Sunda*. Dzikri Hilman Nugraha (2015). Judulna nya éta *Kandaga Kecap Dasar Siswa Tunagrahita SLB Purnama Asih Bandung pikeun Basa Panganteur*.

Sawatawa judul skripsi di luhur ngulik ngeunaan kabeungharan kecap ka siswa normal aya ogé ngulik kabeungharan kecap ka siswa anu berkebutuhan khusus, tapi panalungtikan ieu ngagunakeun metode anu beda jeung panalungtikan saméméhna.

Bahasan panalungtikan anu geus aya, katitén yén nu jadi puseur kana panalungtikanna nya éta kabeungharan kandaga kecap anu dipiboga ku siswa, sedengkeun dina panalungtikan

ieu aya tehnik anu dipaké pikeun mikanyaho kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita.

Dumasar pasualan-pasulan anu aya diluhur panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan kana pangajaran kabeungharan kecap basa Sunda jeung kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita. Ieu panalungtikan dijudulan “Pangaruh Téhnik Nyarita Sémi Terpimpin Kana Hasil Pangajaran Kabeungharan Kecap Basa Sunda Siswa Tunagrahita (Studi Kuasi Eksperimen Ka Siswa Kelas 4 Di Slb Al-Faza Sumedang Taun Ajaran 2016/2017).

1.1 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.1.1 Identifikasi Masalah

Sangkan panalungtikan ieu teu lega teuing ambahanna, panalungtikan ieu di watesanan ngagunakeun téhnik nyarita semi terpimpin kabeungharan kecap kelas IV siswa Tunagrahita.

1.1.2 Rumusan Masalah

Masalah- masalah anu ditalungtik anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalekan saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda samemeh ngagunakeun téhnik nyarita semi terpimpin di SLB Al-Faza Sumedang Taun Ajaran 2016/2017 ?
- 2) Kumaha kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita saenggeus ngagunakeun tehnik nyarita sémi terpimpin di SLB Al-Faza Sumedang Taun Ajaran 2016/2017 ?
- 3) Naha aya bedana antara kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda siswa Tunagrahita saméméh jeung saenggeus ngagunakeun téhnik nyarita sémi terpimpin?

1.2 Tujuan Panalungtikan

Dina tujuan panalungtikan, ngawengku dua hal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.2.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho kabeungharan kecap basa Sunda siwa Tunagrahita SLB Al-Faza Sumedang.

Widya Sholehah, 2017

PANGARUH TÉHNIK NYARITA SÉMI TERPIMPIN KANA HASIL PANGAJARAN KABEUNGHARAN KECAP BASA SUNDA SISWA TUNAGRAHITA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2.2 Tujuan Husus

Tujuan husus panalungtikan ieu nyaéta pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) kabeungharan kecap basa Sunda saméméh ngagunakeun téhnik nyarita semi terpinpin siswa Tunagrahita di SLB Al-Faza;
- 2) kabeungharan kecap basa Sunda saenggeus ngagunakeun téhnik nyarita semi terpinpin siswa Tunagrahita di SLB Al-Faza;
- 3) kaéféktifan téhnik nyarita semi terpinpin kabeungharan kecap basa Sunda siswa Tunagrahita di SLB Al-Faza.

1.3 Mangpaat Panalungtikan

Tangtu dina panaluntikan anu dipigawé boga mangpaat. Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, kalawan dipedar ieu di handap.

1.3.1 Mangpaat Tioritis

Dina unggal panalungtikan dipihareup bisa méré mangpaat, mangpaat teoritis panalungtikan nya éta panalungtikan ieu dipiharep bisa mekarkeun pangaweruh jeung tiori-tiori pikeun sistem atikan dina milih tehnik pangajaran.

1.3.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan diantarana sakumaha dipedar ieu di handap.

1) Siswa

Pikeun nambahan pangaweruh siswa tunagrahita ngeunaan kabeungharan kecap basa Sunda. Salian éta, dipihareup bisa nuwuhkeun kareureus dina makéna basa Sunda.

2) Guru

Ieu téhnik semi nyarita terpinpin bisa dijadikeun alternatif guru pikeun ngaronjetkeun kamampuh siswa dina meunangkuen kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita di SLB Al-Faza.

3) Sakola

Méré gambaran ngeunaan kaayaan lingkungan atawa sistem nu diterapkeun di SLB Al-Faza Sumedang, nu bisa jadi salahsahiji faktor anu mangaruhan kana kamampuh siswa meunangkeun kabeungharan kecap basa Sunda.

4) Panalungtik

Pikeun anu nu nalungtik ngajembaran paélmuan anu ditalungtik.

1.4 Raraga Tulisan

BAB I bubuka, nya éta ngawengku kasang tukang panaalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori, medar toiri-tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan ngeunaan kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita hampang di SLB Al-Faza Sumedang.

BAB III Metodologi panalungtikan, nya éta medar perkara lokasi jeung sumber panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil analisis kabeungharan kecap siswa Tunagrahita hampang di SLB Al-Faza Sumedang.

BAB V panutup, nya éta ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi.